

# WÈ AK FÈ

KONSIY POU BYEN SÈVI AK  
PWOGRAM LAKOU KAJOU A

FICH AKTIVITE POU EDIKATÈ AK EDIKATRIS



## Enfòmasyon jeneral sou kouman pou nou sèvi ak fich yo:

DVD sila a gen ladan l sis epizòd Lakou Kajou. Li mache ak yon fich pou chak epizòd. Chak nan fich yo gen yon ti rapèl toukout sou mesaj epizòd la pote pou timoun yo aprann, epi kèk aktivite edikatè ak edikatris yo ka fè pou ede timoun yo aprann pi byen ak videyo yo.

## Konsèy pou aprè nou fin gade yon epizòd:

Poze timoun yo kesyon sa yo:

1. Eske gen kichòy nou ta anv di mwen sou videyo nou sot gade a?
2. Kisa Lili ak Tilou aprann nan epizòd la?
3. Ki moso nou te plis pito nan epizòd jodi a?
4. Eske nou gen kèk kesyon nou ta renmen poze? Kilès ki ta renmen poze kesyon oswa ki ta vle di kichòy toujou sou sa nou sot gade a?

## Kòd koulè ki endike objektif konesans yo

Matematik ak syans

Relasyon sosyal

Li ak ekri

Lakilti ak aktivite atistik

Lasante ak byennèt

*Mwen rele Zandolin.*

*Mwen se vedèt yon*

*pwogram tele pou timoun.*

*Ansanm ak zanmi mwen,*

*Tilou ak Lili, mwen*

*patisipe pou ede timoun*

*aprann konnen.*



# Epizòd 3 – Rit ak Chema

## BÈL MO:RIT

Yon motif se yon chema oswa yon desen ki repete nan mouvman. Li kapab tou yon son, yon fòm, yon koulè oswa nenpòt lòt eleman ki kreye yon RIT.



Tilou ak Lili ap danse sou rit lapli k ap tonbe.



Mari ap vizite kèk bèt ki al viv nan bwa.

**Motif:** Nou jwenn motif repete pou kreye rit tout kote

**Ekoloji:** pyebwa enpòtan anpil nan anviwònman an. Yo pwodyi oksijèn nou bezwen pou nou viv.

**Motif:** Gen tout kalte rit diferan.

**Son zanimo yo:** chak bèt gen son oswa chante pa li e nou rekonèt yo sou son yo fè.

### AKTIVITE REVÈY

1. Mande timoun yo repete diferan rit nan bat men, bat pye, diferan kalte « batman » ak mouvman.
2. Òganize pou timoun yo chache « chema » ki repete nan antouraj yo: ran fenèt sou kay, brik sou twotwa, pikèt lantouraj ; desen sou twal ak lòt dekorasyon ; epi jwenn « chema » nan lanati kankou fèy sou tij bwa, petal flè, twèl zarenyen eks.
3. Fè yon jwèt ak chif. Mande timoun yo ki chif k ap vin aprè : 1, 3, 5 ... / 1, 4, 6 ... / 5, 10, 15 .... / 10, 100, 1000, ... eks (Ak timoun ki pi gran chèche kèk egzanp pi konplike).